



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS KE 200 MILYON DOLA POU MANJE ETE POU NOURI 2 MILYON TIMOUN KI NAN FANMI KI GEN REVNI KI BA NAN NEW YORK

Eta New York pral patisipe nan pwogram Federal "Summer EBT" a pou bay elèv ki elijib yo avantaj manje pandan mwa ete yo

Summer EBT pral ede fanmi ki gen revni fèb yo bay timoun yo manje ki an sante ak nourisan lè lekòl yo nan vakans ete

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 200 milyon dola pou manje pandan ete pou apeprè 2 milyon timoun ki gen laj pou ale lekòl ki nan fanmi ki gen revni fèb nan New York. Apre desizyon Gouvènè Hochul te pran pou enskri New York nan Pwogram Transfè Avantaj Elektwonik pandan Ete pou Timoun (Summer Electronic Benefit Transfer Program for Childre, Summer EBT) Depatman Agrikilti Ameriken an, yo pral bay New York plis pase 200 milyon nan finansman federal.

"Timoun nou yo bezwen manje ki an sante ak nourisan pou yo grandi ak pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo finansman federal sa a pral yon liy sovtaf enpòtan pou fanmi k ap lite pou siviv yo."

Pwogram nan vize pou redui grangou ak ensekirite alimantè pami timoun ki pa kapab jwenn manje gratis ak bon mache nan lekòl pandan sezon ete a. Fanmi ki elijib ak timoun ki gen laj pou ale lekòl yo pral resevwa 120 dola pou chak timoun pandan mwa ete yo. Yo prevwa anviwon 2 milyon timoun New York kalifye. Plis enfòmasyon sou kalifikasyon ak emisyon avantaj yo pral disponib nan mwa kap vini yo.

Gouvènè Hochul pran angajman pou l kouvri 50 pousan depans administratif pou opere pwogram nan, jan gouvènman federal la mande. USDA pral kouvri lòt mwaye a.

Rechèch yo montre ke bay fanmi yo benefis manje pandan ete diminye grangou timoun yo pandan y ap ankouraje pi bon nitrisyon. Yon pwojè demonstrasyon ke Depatman Agrikilti Ameriken te teste pandan pandemi an te jwenn ke Summer EBT te diminye kantite timoun ki sekirite alimantè ki fèb anpil pa yon tyè.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Okenn timoun pa ta dwe enkyete pou gen aksè ak manje ki an sante ak nourisan lè lekòl la fèmen pou ete a.

Nou konnen grangou pa janm pran vakans, epi gras ak inisyativ Summer EBT, plis pase 2 milyon timoun atravè New York ki konte sou manje lekòl pandan ane a pral jwenn asistans yo bezwen pandan y ap pran vakans ete. Mwen fyè pou m ede bay plis pase 200 milyon dola sa a nan finansman federal pou asire fanmi ki gen revni fèb nou yo gen aksè ak manje ki bon pou sante pandan tout ane a, epi mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li nan konbat ensekirite alimantè nan kominote yo atravè Empire State la."

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li rekonèt enpòtans ajans nou an opere Summer EBT. Pwogram sa a pral ede nou asire ke elèv ki gen fanmi yo ki konte sou manje lekòl pandan ane a ka kontinye jwenn aksè ak manje ki bon pou sante lè lekòl la fèmen pou ete a lè yo senpleman itilize yon kat EBT pou achte manje."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)